

Estat pwoteje tanporè (Temporary Protected Status, TPS) pou Ayiti



Ki sa TPS pou Ayiti ye?

TPS se yon stati imigrasyon tanporè ki bay kèk Ayisyen yon pwoteksyon pou yo pa depòte yo epi ki pèmèt yo jwenn yon pèmi travay. Se pou yon maksimòm 18 mwa alafwa sèlman ou ka jwenn TPS.

Kiyès ki ja jwenn TPS?

Kounye a, se sèlman Ayisyen ki rete Ozetazini depi 6 novanm 2022 pou pi ta ki kalifye pou TPS. Ayisyen yo ki antre Etazini apre dat sa a pa kapab jwenn TPS pou kounye a.

TPS mwen prèske ekspire. Èske mwen ka renouvle l?

Pou kounye a, yo bay TPS pou Ayiti jis 3 out 2024 sèlman. Sa vle di, si w gen TPS epi se pa mwayen TPS sa a ou jwenn yon pèmi travay, li pral fini 3 out 2024. Pa gen anpil chans pou n konnen si y ap renouvle TPS pou Ayiti anvan mwa jen oswa jiyè, oswa menm kòmansman out. Toutotan yo poko anonse si y ap pwolonje peryòd TPS la, pa gen mwayen pou renouvle TPS la ni pèmi travay ki mache ak TPS la.

Si TPS ou ekspire 3 out 2024, ou pa gen posiblite mande yon renouvèlman pou kounye a.

Si yon moun pwomèt ou l ap renouvle TPS ou, pa ba l kòb!

Ki jan mwen ka konnen si y ap renouvle TPS la?

Lè gouvènman ameriken an anonse si l ap renouvle TPS pou Ayiti, l ap pibliye enfòmasyon sa a sou sitwèb gouvènman sa a: www.uscis.gov/tps. Nou menm tou n ap mete enfòmasyon sa a sou sitwèb www.miracoalition.org ak sou paj rezo sosyal nou yo, tankou Instagram @mira_coalition ak Facebook @miracoalition. Si yo renouvle TPS pou Ayiti, ou ka kontakte ajans sèvis jiridik lokal ou a pou jwenn plis enfòmasyon epi pou jwenn èd pou aplike pou renouvèlman an. Ale sou www.masslrf.org pou jwenn ajans sèvis jiridik lokal ou a.

Ki sa mwen kapab fè pou asire mwen yo pral renouvle TPS pou Ayiti?

Ou kapab leve vwa w! Fè gouvènman ameriken an konnen TPS se yon pwoteksyon imanité ki enpòtan. Nan Massachusetts ak nan lòt Eta, genyen anpil òganizasyon k ap fè yon travay pledwaye pou yo renouvle TPS pou Ayiti.